


Aplikasyon WIC Florida

Grasa ak Aplikasyon WIC Florida a, ou ka:


- Gade detay sou randevou k ap vini yo
- Gade enfòmasyon sou avantaj ou yo
- Eskane yon atik pou wè si WIC apwouve li
- Jwenn klinik WIC ki toupre ou
- Jwenn kote pou achte
- Resevwa notifikasyon
- Aksede ak lòt resous ak enfòmasyon WIC Florida yo
- Telechaje dokiman ou yo nan WIC
- Siyen dokiman WIC yo
- Soumèt atik manje pou WIC apwobasyon



Pou kòmanse, ale nan magazen aplikasyon Apple Store oswa Google Play la pou enstale aplikasyon an.

Itilize nimewo ID Fanmi WIC la oswa kat WIC EBT ou a pou ou enskri.

Pare pou achte?



Sonje konsèy pou fè makèt sa yo:

- **Ekonomize tan ak lajan lè ou fè yon lis an premye.** Nan fason sa a ou pral achte sèlman manje ou bezwen.
- **Fè yon ti goute anvan ou fè makèt.** Fè makèt pandan yo grangou ka mennen nou tou dwat nan chips ak bonbon!
- **Chwazi manje ki ka gate yo an dènye.** Sa ap ede manje yo rete nan yon tanperati ki an sekirite pi lontan.
- **Sèvi ak aplikasyon Florida WIC** ou a pou ou wè si manje ou vle a se yon manje WIC apwouve sou kat EBT ou a.

Pa bliye itilize tout avantaj pou manje WIC ou yo chak mwa!

Enstisyon sa a ofri tout moun menm opòtinite a. 5/26



FloridaHealth.gov/WIC

